

### SS.7.C.3.5

Esplike pwosès amannman konstitisyonèl la.

---

**SS.7.C.3.5 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1:** Elèv yo ap rekonèt metòd yo itilize pou pwopoze ak ratifye amannman yo nan Konstitisyon Etazini an.

Atik V (5) nan Konstitisyon Etazini an dekri de metòd pou **pwopoze amannman yo** ki nan Konstitisyon an ak de metòd pou **ratifye** amannman yo. Zansèt ki te Fonde nou yo te vle asire ke te gen yon fason pou Konstitisyon an se yon "dokiman kap viv" ki te ka chanje ak tan yo si sa nesèsè.

Gen de metòd pou pwopoze amannman nan Konstitisyon an.

1. Kongrè a ka pwopoze yon amannman ak yon de tyè (2/3) majorite vòt nan tou de Chanm Reprezantan yo ak Sena a.
2. Yon amannman ka pwopoze nan yon konvansyon konstitisyonèl lè yo fè apèl pou de tyè (2/3) nan lejislati eta yo.

Tou de nan metòd sa yo mande pou yon majorite de tyè pou yo pase. Yon majorite de tyè se yon "majorite ki sipè" (plis pase 50% plis youn). Sa a enpòtan. Yon amannman nan Konstitisyon an ta ka chanje lwa yo pou nasyon an antye, epi ki gen yon gwo majorite nan sipò chanjman sa a, ede pwosesis demokratik la.

Yon fwa amannman an ki te pwopoze ak nempòt metòd dekri anwo a, amannman an lè sa a, ka ratifye ak youn nan de fason sa yo :

1. Twa ka (3/4) nan eta yo (omwen 38 nan 50) dwe ratifye amannman an ak yon vòt pou apwobasyon nan lejislati eta a.
2. Twa ka (3/4) nan eta yo (omwen 38 nan 50) dwe ratifye amannman an ak yon vòt pou apwobasyon nan yon konvansyon eta ratifye a.

Li posib tou ke lè yon amannman ajoute nan Konstitisyon an, lwa ki ale kont amannman sa a, Lakou Siprèm Etazini an ta kapab deklare l pa konstitisyonèl.

**amannman** - yon chanjman nan yon konstitisyon (egzanp, Konstitisyon peyi Etazini an, Konstitisyon Eta Florid la)

**Ki pa Kostitisyonèl** – Ki pa an akò avèk Konstitisyon peyi Etazini

**pwopoze** – pou fè sijesyon

**ratifye** - eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve